**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI XALIQ TA’LIM WA’ZIRLIGI**

**A’JINIYAZ ATIN’DAG’I NO’KIS MA’MLEKETLIK PEDAGOGIKA INSTITUTI**

**“PEDAGOGIKA” FAKULTETI**

**«MEKTEPKE SHEKEMGI TA’LIM» KAFEDRASI**

«Mektepke shekemgi ta’lim» ta’lim bag’dari 4 “g” kurs talabasi
Bekbergenova Nigardın’

**«Pedagogika pa’nlerin oqıtıw metodikası» pa’nin’en**

# KURS JUMISI

**TEMA:** «Pedagogika pa`nin’ oqitiw metodikasi» pa`ni oqitiwshisi

Qabillag’an: ________________



**No’kis-2014 jil**

## Mazmunı

**I Kirisiw**

**II Tiykarg'ı bo'lim**

**II.1 Oqıtıwshılıq kasibi ha`m onin'` ja`miyette tutqan ornı.**

**II.2** Oqitiwshinin'` ta`lim protsessindegi sheberligi

**II.3** Oqitiwshinin'` ta`rbiyashi sipatindagi sheberligi

**II.4** Oqitiwshi xizmetın'de qarim-qatnas ma`deniyati ha`m psixologiyasi.

**Juwmaqlaw**

**Paydalang'an a'debiyatlar**

# Kirisiw

Jas a’wladtı erkin pikirleytug’ın, ha’r ta’repleme rawajlang’an, fizikalıq ha’m aqlıy jaqtan jetik etip ta’rbiyalaw, olarda bilim ham miynet ko’nlikpelerin qa’liplestiriw ma’seleleri ha’zirgi da’wirde en’ tiykarg’ı bag’dar bolıp esaplanadı. Sonlıqtanda bul wazıypalardı a’melge asırıw ushın ta’lim sistemasının’ jumıs mazmunin’ elede rawajlandırıw da’wir talabı bolıp tabıladı.

O’sip kiyatırg’an jas a’wlad ja’miyetlik o’mirge qa’dem qoyg’an eken, ol sol o’mirden en’ kerekli bilimlerdi, uqıp ha’m insanıy pazıyletlerdi u’yreniwi za’ru’r. Balalardın’ ja’miyetlik turmısımızda qatnasıwı prezidentimiz İ.A.Karimov miynetleri ha’m iskerlikleri menen tanısıwı, tariyxımızda ma’ngi iz qaldırg’an el qorg’awshıları Amir Temur, Aydos biy, Ernazar alako’z ha’m tag’ıda basqa babalarımız haqqında pikir alısıp, olarda ja’miyetlik bag’dar milliy g’a’rezsizlik ideyaları haqqında tu’siniklerin jetilistirip barıwımız za’ru’r.

Ha’r ta’repleme rawajlang’an insandı ta’rbiyalawda xalıq pedagogikasının’’ bay ta’jriybelerinen, sonday-aq ta’lim-ta’rbiyanın’ jan’a forma ha’m usılların, ha’zirgi zaman pedagogika ilimlerinin’n’ jetiskenliklerin en’giziw, bular arqalı balalarda qızıg’ıwshılıq, erkin pikirlew, o’z betın’she do’retiwshilik, olardı miynetke ta’rbiyalaw, ja’ne de ha’r ta’repleme rawajlandırıw bizin’ baslı maqsetimiz.

«Bilimlendiriw haqqında»g’ı nızam, «Kadrlar tayarlawdın’ milliy bag’darlaması» wazıypalarınan kelip shıqqan mektepke shekemgi jastag’ı balalardı ha’r ta’repleme jetilistiriw, ruwxıy sanasın jetilistiriw, a’debiy esteliklerdi, olardın’ qızıg’ıwshılıq mu’mkinshiliklerin ha’m qabilietlerin esapqa alg’an halda ken’nen jaydıradı.

Ta’lim mekemelerinde oqıwshılarg’a ta’lim beriwdin’ baslı maqseti – bul ha’r bir jas a’wla’dtı ha’r ta’repleme aqılıy jaqtan rawajlandırıw, olardı keleshegimizdin’ qurılısshıları sıpatın’da ja’miyetimizge kerekli shaxs etip ta’rbiyalaw na’zerde tutılmaqta. Ma’mleketimizde joqarı ha’m orta arnawlı ta’lim da’stu’ri qayta qurıwdın’ en’ a’hmiyetli wazıypaları joqarı mag’lumatlı kadrlardı

tayarlawdı, bilimlerin shuqır a’meliy tayarlıq penen qosıp alıp barıw za’ru’rligi ko’rsetilip o’tilgen.

Ta’lim mekemelerinde balalardın’ bilim alıwın mazmunlı etip sho’lkemlestiriw, olardın’ waqıtların paydalı ha’m qızıqlı etip, olardın’ erkin pikirlewin rawajlandırıw, olardı fizikalıq jaqtan rawajlandırıw, olardı u’lkenler miyneti menen tanıstırıw, olardın’ do’retiwshiligin rawajlandırıw ushın sharayatlar jaratıw pedagoglardın’ aldında turg’an a’hmiyetli washıypalardın’ bir bolıp esaplanadı.

Demek, pedagog oqıwshılar menen jaqınnan qarım-qatnasta bolıp, ta’rbiya jumısların ja’ne de bekkemlew, ta’lim-ta’rbiyanın’ jan’asha usılların, jan’a pedagogikalıq axborot-texnologiyalarınan, innovatsion texnologiyalarının’ jan’a metodların engiziw arqalı ha’m de ata-analar menen birgelikte ta’lim-ta’rbiya jumısları alıp barılsa aldıg’a qoyılg’an maqsetlerge erisiwde jaqsı na’tiyjelerge erisemiz.

**Kurs jumısının’ maqseti** ta’lim protsessinde oqıtıwshının’ kelbeti h’a’m sheberligine qoyılg’an pedagogikalıq talaplardı u’yreniw.

**Kurs jumısının’ wazıypaları** pedagogikalıq ta’lim-ta’rbiyag’a baylanıslı a’debiyatlardı analiz qılıw.

## II.1 Oqıtıwshılıq kasibi ha`m onin’` ja`miyette tutqan ornı

Oqıtıwshının` o`z jumısına do`retiwshilik menen qarawı ja`miyet turmısındag`ı o`zgerisler, jan`alıqlardı tez ılg`ay biliwi, pa`n jan`alıqların u`yrenip, o`z xızmetın’de qollawı menen sa`wlelenedi.

Bunın` ushın oqıwshı tezkar xabar menen ta`miyinleniwi da`rka`r. Xabardın` roli ju`da` o`sken da`wirde kerekli mag`lıwmatlarsız ekonomikalıq qubılıslardı u`yreniw, talıqlaw, juwmaq shıg`arıw mu`mkin emes.

Xabar toplawdın` tiykarg`ı usılları to`mendegiler:

• bibliografiya dizimi ;

• oqıtıwshı ha`m talabalar ta`repinen toplang`an mag`lıwmatlardı dizimlew;

• oqıtıwshılar ku`shi menen jan`a a`debiyatlarg`a pikirler jazıw;

• ilimiy diskussiyalar sho`lkemlestiriw ha`m ilimiy dokladlardı dodalaw, internet xabarınan paydalanıw ha`m basqalar.

Biraq sonı yadda tutıw kerek:

1. A`lleqashanlar ko`pshilik bir pikirge kelgen ma`seleler boyınsha qaytadan diskussiya baslamaslıq ;

2. O`lsheminen shıqmaslıq, ha`mme temada a`lbette diskussiyalı sorawdı ortag`a taslaw sha`rt emes;

3. Ol yaki bul mashqala, tu`sinik haqqında basqalar o`z pikirlerin aytg`annan keyin, a`lbette mu`na`sibet bildiriw;

4. Diskussiyalı sorawlardı en` aldı menen kafedra jıynalısında dodalaw, bir pikirge keliw, son` talabalar dodalawına qoyıw kerek.

Usı menen birge, quramalı qubılıs protsesslerdi tiykarsız ra`wishte a`piwayılastırıwg`a ha`m urınmaslıq kerek. Ha`r bir ma`selege bir ta`repleme

qaraw ha`m tuwrı emes juwmaq shıg`arıwg`a alıp keliwi mu`mkinligin yaddan shıg`armaslıq za`ru`r.

Sabaq o`tiwde oqıtıwshı talabalardın` qaysı topardı mo`ljelge alıwı kerek :

Bilimdanlardıma, bilimi ortashalardıma yaki bilim ko`lemi to`menlerdime? Bul sorawg`a juwap beriw ushın ha`r qanday sabaqta mazmun ha`m formanı esapqa alıw kerek.

Ha`r qanday lektsiya mazmunan teoriyalıq ta`repinen joqarı da`rejede, formasınan ha`m ha`mmege tu`sinikli bolıwı kerek. Lektsiyanın` ha`mme baplıg`ı en` aldı menen onin’` formasına, metodikasına, qanday auditoriyada oqılıwına baylanıslı. Ko`pshilik, talabalardan oqıtıwshı zerikerli lektsiya oqıydı, tu`sinik bolmaydı, degen shika`yatlardı esitiw mu`mkin. Ta`jiriybeli pedagoglar bunın` sebebin didaktikanin’` printsipleri buzılg`anda, izbe-izlik logikasının’` joqlıg`ında, ga`plerdin` quramalı du`zilisinde, jaqsı mısallar tan`lanmag`anlıg`ında, aldıng`ı lektsiya menen baylanıs joqlıg`ında dep ko`rsetiledi.

Sabaq beriwdin` ob`ektivlik ha`m sub`ektivlik ta`repleri bar. Onin’` ob`ektivlik ta`repine pa`nnin’` predmeti, usı pa`nnin’` o`zgeshelikleri, temanın` mazmunı kirse, sub`ektivlik ta`repine usı pa`ndi oqıtıwshı ta`repinen o`zlestiriliwi kiredi. Onnan tısqarı, metodikalıq ta`repinen tayarlıq da`rejesi, individual metodikalıq printsipler, metodikalar ha`m onı oqıw-ta`rbiya protsessinde qollaw usı mashqalag`a kiredi.

Oqıw protsessin sho`lkemlestiriw ha`m sabaq beriw metodikasın tanlag`anda qa`niyge tayarlaw menen birge, jaslarg`a jetiklik, a`dep-ikramlılıq pa`klik, watanpa`rwarlıq, internatsionallıq ruwxı menen sin`diriw za`ru`rligin yaddan shıg`armaslıq kerek.

Oqıtıwshının’` shaxsı, psixologiyalıq sıpatları, teoriyalıq ha`m metodikalıq ta`repinen tayarlıq da`rejesi sabaq beriw metodina u`lken ta`sir ko`rsetedi. Bul metodtı qollaw turli oqıtıwshılar sabag`ında turlishe na`tiyje beriwi mu`mkin.

Sabaq beriw metodlarının` na`tiyjeligi haqkında pikir ju`ritiler eken, oqıtıwshının` shaxsiy sıpatlarınan onin’` ilimiy metodikalıq tayarlıg`ı da`rejesin ajıratıp bolmaydı.

Sabaq beriw protsess sıpatın’da ob`ektivlik ha`m sub`ektivlik ta`replerinin’` birligi.

Sabaq beriwdin` ob`ektivlik ta`repine oqıtıwshıg`a baylanıslı bolmag`an, u`yrenilip atırg`an pa`nnin’` mazmunı, sabaq o`tiw printsipleri kiredi. Sub`ektivlik ta`replerine :

a) oqıtıwshının` usı pa`ndi qanday iyellegeni, bilim da`rejesi;

b) oqıtıwshının` metodikalıq tayarlıg`ı, metodikanın` nızam-qag`ıydaların qollay biliw sheberligi;

v) ha`r bir oqıtıwshının’` ta`lim-ta`rbiya protsessinde ol yaki bul metodikanı qollawdag`ı individual o`zgeshelikleri kiredi.

Sabaq beriwde pedagog sub`ektivlik faktor sıpatın’da ko`rinedi. Ko`p ta`repinen talabalardın` o`zlestiriwi oqıtıwshının’` sabaq o`tiwde tanlag`an metodlarına baylanıslı.

Ha`r bir oqıtıwshı o`z qa`biletın’ sabaq beriwde ko`rsetedi, lektsiya ha`m tilinde o`zine ta`n ta`replerin ko`rsetedi. Ma`lim bir temanı jarıtıwda oqıtıwshı o`zi jaqsı bilgen yaki o`zinin’` ilimiy izlenisleri menen baylanıslı bolg`an, biraq usı temag`a tuwrıdan tuwrı baylanıslı bolmag`an sorawg`a ko`p waqıt ajratıp, qalg`an sorawlardı ko`rip shıg`ıw ushın waqıt jetpey qalıwı mu`mkin. Bul temanı bayan qılıwda didaktikanın` izbe-izdik printsiplerin buzılıwına alıp keledi.

Sonın` ushın sabaq o`tiwdegi za`ru`r wazıypalardan biri, bul – sub`ektivlik faktorlar, a`lbette, ob`ektivlik faktorlarg`a boysınıwı, usı pa`nnin’` mazmunın ashıp beriwge xızmet qılıwı kerek. Bunda, a`lbette, toplang`an metodikalıq ta`jiriybe qol keledi.

Ha`r bir oqıtıwshı o`zinde to`mendegi psixologiyalıq sıpatlardı payda qılıwg`a ha`m rawajlantırıwg`a ha`reket kılıwı kerek.

1. Oqıtıwshı auditoriyada o`zin erkin tutıwı sabaq beriw mu`mkinshiligine iseniwi kerek.

2. Oqıtıwshı so`ylep turıp, oylawdı biliwi kerek. Oqıtıwshılıq ka`sibinin’ miynetın’in’`, sheberliginin’` o`zine ta`nligi ha`m sonda.  Sabaq beriwde pikirlew,

oylaw ha`m so`ylew protsessi qosılıp ketedi. En` aldı menen oylap alıp, keyin so`ylewge waqıt bolmaydı.

3. Oqıtıwshınin'` pikirlewi ha`m usı waqıttın'` o`zinde onı bayan qılıwı auditoriyada ju`z beredi. Sonin'` ushın oqıtıwshı og`an tigilip turg`an ko`zlerinen qorqmaslıg`ı kerek. Olardı ta`sirinen ayrı bolıwdı u`yreniwi, biliwi kerek. Sonin'` menen birge, oqıtıwshı auditoriyadag`ı talabalar menen o`z-ara baylanıstı jog`altmaslıqtı ha`m o`zinde ta`rbiyalawı sha`rt.

4. Oqıtıwshı auditoriyada otırg`an talabalardın` mu`na`sibetın', olardag`ı o`zgerisdi tuwrı anıqlawı ushın  baqlawshılıq qa`biletın'e ha`m iye bolıwı kerek. Auditoriyanı psixologiyalıq halatın' (tın'ıshlıq, shawqım ha`m basqalar) tez ılg`ap alıwı tiyis.

Oqıtıwshı bir psixologiyalıq halattan basqa halatqa an`sat o`te alıwı kerek. Oqıtıwshınin'` isenimli da`lilleri, ilimiy, tiykarlı oylawları, onin'` pikirlerin talabalarg`a ta`sirin bir neshe ret asıradı. O`zine isenimi ken` ko`lemdegi bilimi, o`z pikirin ilimiy tiykarlap bere alıw qa`biletın'e iye bolıwına qa`liplesedi.

Oqıtıwshı keltirilgen mısallarında talabalarg`a miynetke, ja`miyetke, joldaslarına, ja`ma`a`tke qanday mu`na`sibette bolıw za`ru`rligini an`latıwı kerek. Talabalarg`a tasir ko`rsetiw ushın, a`lbette, oqıtıwshı olar ortasında hu`rmetke iye bolıwı kerek.

Oqıtıwshı (oratorlıq) lektsiya oqıw qa`biletın'e iye bolıwı kerek. Oqıtıwshıda talabalardı o`z pikirine tartıw, o`zin qanday tutıwın biliw qa`bileti bolsa, ol haqıqıy talap iyesi. Ullı filosof, «birinshi mug`allim» Aristotel` ha`r bir so`zdi qanday aytıwın en` aldı menen saatlap aynag`a qarap, shınıg`ıw qılg`an eken.

Oqıtıwshınin'` pu`tin xızmetinde samimiylik, o`zine isenim za`ru`r a`hmiyetke iye.   Oqıw-ta`rbiya xızmetın'de qollanılatug`ın metodlar oqıtıwshı menen talaba ortasındag`ı baylanısın bekkemlewge qaratılg`an. Bul oqıtıwshı menen talaba ortasında isshenlik ortalıg`ın jaratıwda o`z sa`wlesin tabadı. Bunda talabanın` pikiri oqıtıwshı menen birge keshiwi yaki azg`antay arqata qalıwı yaki azgantay o`tip ketiwi mu`mkin.

Oqıtıwshı auditoriyanı ko`riwi, seziwi, ol menen birge islesiwi kerek. Talaba ha`m, o`z na`wbetinde, oqıtıwshı onı ko`rip, ne qılıp atırg`anıne bilip turıwın seziwi kerek.

Oqıtıwshı sabaqtı zerikerli bolmaslıg`ına ha`reket qılıwı, o`z lektsiyasına talaba ko`zi menen karawı tiyis. A`ne sonda o`zin kemshilikleri, sabaq o`tiwde qollaytug`ın metodikası tuwrı yaki tuwrı emesligin tez ılg`ap aladı. O`z isine do`retiwshilik menen jantasıw, onnan tısqarı  talabalar turmısın jaqsı biliw, talabalardı qızıqtırg`an ma`selelerdi sheshiwge ja`rdem beredi. Bir so`z menen aytqanda, metodika oqıtıwshı ushın teren`, qızıqlı tu`sinikli ta`rizde bilim beriw tiykarı

## II.2 Oqıtıwshının` sabaqtag`ı sheberligi

Ha`zirgi waqıtta elimizde ju`z berip atırg`an ha`r qıylı o`zgerisler jan`a-lanıw da`wiri ha`r bir insannan jan`asha oylawdı, baslama ko`teriwdi, do`retiw-shilik penen is alıp barıwdı qatan` talap etedi. Mekteptegi sabaq-pedagogi-

Sabaq waqtın’da da`stu`rge aylanıp ketken ko`pshilik kemshilikler ushıra-sadı. Bunda mug`allimler oqıwshılardan to`men o`zlestirip alg`an oqıw mate-rialların este saqlap qalıwdı talap etedi. Oqıwshılardı o`zliginshe erkin pikirlewge yamasa ha`r qıylı diskussiyalarda sorawlarg`a juwaplar tabıwdı u`yretiwdin` ornin’a kitap tekstın’` so`ylep beriwdi o`z so`zleri menen jetkerip beriwdi talap etedi.

Bunday oqıtıwlar o`zgertiliwi kerek. Oqıtıw protsessin sho`lkemles-tiriwde jan`a sapalı usıllar engiziliwi tiyis.

Suxomlinskiydin` ko`rsetiwinshe: tabısta`n payda bolg`an ruwxlanıw bar jerde g`ana, oqıwg`a qızıg`ıwshılıq boladı.

O`zinin’` ka`siplik xızmeti dawamında mug`a`llim 25 mın`nan zıyatıraq oqıtadı. Qaysı pedagog o`zinin’` sabag`ının’` mazmunlı ha`m qızıqlı bolıp o`tiwin qa`lemeydi.

Kimnin’` sheber pedagogıbolg`ısı kelmeydi. Bul ushın ko`p staj benen ta`jiriybeli pedagogıbolıwı azlıq etedi.

Sabaq ha`r bir mug`allimnen rawjlang`an do`retiwshilik pedagogikalıq oylawdı, pedagogikalıq sheberlikti iyelewin talap etedi.

Zamanago`y sabaqqa tayarlanıwda ha`m o`tiwde en` tiykarg`ı dıqqattı nege awdarıw kerek.

Mug`allimnin’` sabaqtı o`tiwdegi tabısı birinshi gezekte onin’` ideyalıq-teoriyalıq ha`m ka`siplik tayarlıg`ına baylanıslı boladı. Sabaqqa tayarlanıw ha`mme waqıt oqıtatug`ın predmetın’e baylınslı oqıwlıqlardı oqıp ju`riwdi, psixologo-pedagogikalıq ha`m metodikalıq ha’rakterdegi kitaplardı oqıwdı, metodikalıq jurnallardı, gazettegi maqalalardı, jan`a pedagogikalıq ta`jiriybelerdi engiziw maqsetinde islenip atırg`an aldın pikirlerdi oqıp ta`nısıp barıwdı talap etedi.

Pedagogıbul sabaqtın’` avtorı, sabaqtın’` o`tiliwi onın` ruwxlanıwı ha`m sheberligine g`a`rezli.

Aqıl xızmetın’ basqarıw.

Sabaq protsessinde oqıtıw xızmetın’ basqarıw ko`plegen faktorlarg`a baylanıslı. En` tiykarlarının` biri bul mug`allimnin’` o`zinin’` predmetin oqıwshılarg`a qızıqlı etip ko`rsete alıw uqıbında. Qızıg`ıwshılıq barlıq psixikalıq protsesslerge jaqsı ta`sirin tiygizedi, qabıl etiwge, dıqqatqa este saqlawg`a, oylaw ha`m erkke.

Oqıwg`a biliwge qızıg`ıwshılıqtı payda etiwdin` qanday sha`rtleri bar. Sheber pedagogısabaq waqtın’da bul qızıg`ıwshılıqtı oqıwshılarda qalay payda etedi. Oqıw xızmetın’ aktivlestiriw ha`m oqıwg`a degen qızıg`ıwshı-lıqtın’` ba`rhama rawajlanıp barıwı ushın ol ne islewi kerek.

Sheber pedagogıoqıwshılarda oqıwg`a degen qızıg`ıwshılıqtı payda etiwde ha`m de rawajlandırıwda to`mendegi tiykarg`ı jag`daylardı basshılıqqa aladı:

1. Biliwge qızıg`ıwshılıqtı rawajlandırıw, u`yrenip atırg`an pa`nin’e bolg`an su`yispenshilikti payda etiw, bunda aqılıy miynetti sho`lkemles-tirip, oqıwshını o`z

betın'she isleniwge ha`m jan`a bilim sırların ashıwg`a qunıqtırıw, mashqalalı ma`selelerdi sheshiwge ha`reket ettiriw.

2. Oqıw miyneti, ha`r qıylı basqa miynettegilerdey, ha`r tu`rliligi me-nen qızıqlı boladı bir qa`liptegi xabarlandırıwlar ha`m bir qa`liptegi ta`sir etiwler jalıtıwdı payda etedi.

3. U`yrenilip atırg`an pa`nge qızıg`ıwshılıqtı payda etiw ushın onın` mazmunının'` en` kereklisin, a`hmiyetlisin ha`m maqsetke muwapıq dep tapqan-ların teren` tu`sinip biliwi kerek.

4. U`yreniletug`ın jan`a material qansha da`rejede o`tilip ketken material menen tıg`ız baylanısta bolsa, ol oqıwshılar ushın sonsha da`rejede qızıqlı boladı.

5. Ju`da` an`sat ha`m ju`da` qıyın bolg`an material qızıg`ıwshılıqtı payda etpeydi. Oqıw qıyın, biraq balanın` shaması keletug`ın da`rejede bolıwı kerek.

6. Oqıwshının'` jumısı qanshama tez-iez tekserilip ha`m bahalanıp turılsa, olar ushın islew sonshama qızıqlı boladı.

7. Oqıw materiallarının` ayqınlıg`ı, ko`rkemligi, mug`allimnin'` shın kewili menen tu`sindiriwleri oqıwshıg`a, onin'` pa`nge bolg`an qatnasına ku`shli ta`sir etedi.

Pedagogikalıq miynettin` sheberleri oqıtıw metodların tan`lawda do`re-tiwshilik ha`m juwapkershilikli halda qatnas jasaydı.

Sheber mug`allimler lektsiya sabaqların, seminar sabaqların, disput-sa-baqların, konferentsiya sabaqların, ekskursiya sabag`ın, arnawlı kabinetler-de o`z betın'she jumıs islew sabaqların, konkurs sabaqlarının` o`tiliwine ayırıqsha dıqqat awdaradı.

Pedagoglardın` sheberligi bul sabaqlardı o`tkeriw protsessinde ju`zege shıg`adı.

Lektsiya sabag`ı - oqıwshılarda oylawdı aktivlestiriwge u`lken ja`rdem be-redi. Ta`jiriybe da`slep lektsiyanı tu`sindiriwdin` maqsetke muwapıq ekenli-gin ko`rsetedi. Keyin kerekli bilimlerdi alıw, ideyalardı da`lillew, tiykar-g`ı ta`replerin tan`lap alıw printsipleri ko`rsetiledi. Tek usınnan keyin g`ana ko`rilip atırg`an ma`selenin'` man`ızı ashıladı.

Do`retiwshilik penen isleytug`ın mug`allimler lektsiyanı oqıg`anda dia-loglardan, sorawlardan, qaytalawlardan, salıstırıwlardan, uqsatıwlardan paydalanadı.

Seminar sabag`ı - oqıwshılarda jan`a bilimlerdi ha`m nızamlılıqlardı ashıwda u`lken aqılıy aktivlikti payda etedi.

Disput sabqları - bul joqarı sheberlikti payda etedi.

Mashqalalı oqıtıw. Aldın`g`ı qatardag`ı sheber mug`allimlerdin` sheber emes mug`allimlerden sabaq o`tiwdegi tiykarg`ı ayırmashılıg`ı to`mendegi-lerden turadı. Sheber emesler o`zlerinin’` sabaqlarında tiykarınan oqıwshılarg`a ilim-nin’` tayar juwmaqların beredi. Bir mug`allimler aralas sabaq o`tiwde u`yrengen, hesh qanday oylamasta`n tayar materialdı u`yretedi. Bul a`lbette izlenip, problemalıq jag`daylardı payda etip, oqıwshılardı oylanıwg`a iytermelep oqıt-qannan an`sat boladı. Basqa mug`allimler rawajlandırıwshı oqıtıwdın` ma`ni-sin tolıq tu`sinbegen boladı. Olardın` didaktikalıq ha`m ulıwma pedago-gikalıq bilimleri to`men.

Talantlı mug`allimler, o`z isisnin’` sheberleri balalar menen qarım-qat-nas jasag`anda olar demokratiyalıq stilden paydalanadı, ha`m de en` aldın`g`ı oqıtıw metodların oqıwshılardın` do`retiwshilik oylawın rawajlanıdırıw-shı metodlar sistemasın qollanadı. Olarda problemalıq situatsiyalar oqıw-shılardın` bilimdi o`zlestirip alıwının’` derlik barlıq etaplarında boladı

Olar balalarg`a barlıq formulalalardı ha`m nızamlardı, ko`plegen sa`ne-ler menen atlardı, ju`zlegen qa`delerdi yadlap alıwg`a ma`jbu`rleydi durıs emes deydi: adam o`miri ushın onsha za`ru`rli bolmag`an na`rselerdi oqıwshılardın` yadında saqlap, olarg`a awırmanshılıq sala beriwdi biykarlaydı.

Sheber pedagogıha`mme waqıt o`zinin’` sabaq oqıtıw metodikasın ha`m tex-nikasın o`zgertip otıradı. Ha`r qıylı problemalı (mashqalalı) jag`daydı payda etip, sheber pedagogıonin’` sheshiliwi jolların islestirip, tolıq-lap, a`meliy jaqta`n da`lillep ko`rsetip beredi.

Sheber mug`allimnin’` sabag`ı bul pedagog penen oqıwshının` birgelikli halda haqıyqatlıqtı izlewi, bul ma`deniy oylawdın` laboratoriyası. Bunday sabaqta oqıwshılar o`zlerinde bilimge degen qızıg`ıwshılıqtı, talapshan`-lıqtı payda etedi.

Olar ha`r qıylı sorawlardı tuwdırıp olarg`a juwap ta-bıwg`a ha`reket jasaydı. Olar o`zlerinin’` aqıl-oyın ju`ritedi, oqıwdın` qıyın ta`replerin jen`edi.

Qa`dimgi da`stu`rge aylanıp ketken sabaqlarda pedagogısoraw beredi, al oqıwshılar kitapqa tiykarlanıp og`an juwap qaytaradı. Bunday jag`dayda olarda tek sabaqtın’` avtorı ha`m mug`allimler ta`repinen tabılg`an haqıyqat-lıq g`ana tu`sinik qaladı. Tag`ı neni izlew kerek. Ne ushın izlew kerek. Ha-qıyqatlıq tabılg`an, onı tek qabıl etiw kerek, yadlaw ha`i iske asırıw kerek. Bul a`lbette

sabaq waqtın’da oqıwshılardı jalıqtıradı, oqıwg`a degen qızı-g`ıwshılıqtı pa`seytedi.

Aktivlestiriwshi, izleniwshilikti talap etetug`ın, mashqalalı oqıtıw-dı iske asırıw ushın sheber pedagogıoqıwshılar ushın sorawlar ha`m tap-sırmalar sistemasın oylap tabadı. Sheber mug`allimnin’` sorawları haqıy-qatın’da qısqa, da`l ha`m anıq boladı. Olar tek g`ana aqıldı jedellestirip, jeke oylawdı payda etip qoymasta`n, oqıwshılardın` do`retiwshilik uqıplı-lıg`ın rawajlandıradı, olarda sho`lkemleskenlikti ha`m de a`depli-likti ta`r-biyalaydı. Baxıtqa qarsı, o`tkerilgen ta`jiriybelerge qarag`anda mug`allimler-din` oqıwshılarg`a beretug`ın sorawlarının` 80% ke jaqını oqıwshılardın` mexanikalıq o`zlestiriwine mo`lsherlengen: “Bul ne, qanday ataması bar”, “Bul neshinshi jılı bolg`an”, “Kelbetliktın’` anıqlamasın ayt”, h.t.b. Me-xanikalıq este saqlawg`a u`yretiw, onı rawajlandırıw a`lbette kerek, biraqta sonın` menen bir qatarda oqıwshının’` biliw belsendiligin, oylawın, dıqqatın’da rawajlandırıp barıw kerek.

Ko`plegen jag`dayda mınaday tiptegi sorawlardı ko`plep paydalang`an jaqsı, bunda u`yrenilip atırg`an zattın’` uqsaslıqları menen ayırmashılıq-ların tabıwdı talap etiw, olardın` sebebin tabıw, ha`r qıylı o`zlestirilgen bilimlerinin’` ishinde tek g`ana kerekli bolg`an bilimin sol jerde paydalana biliw uqıplılıg`ın arttırıw.

Berilgen soraw oqıwshılarg`a tu`sinikli me, olar juwap beriw haqqında oylanıp otırma, a`lbette bul haqqında pedagogıu`stirtin qaramaw kerek. Uzın-shubay, qıyın ha`m ko`plegen sorawlardı balalarg`a u`yip bere beriwge bolmaydı. Mısalı “Ullı Brita`niyanın` ta`biyatı haqqında onın` klimatı, qa-zılma baylıqları, da`r`ya ha`m ko`lleri haqqında aytıp ber”. Balalar bunday ko`p mug`dardag`ı

sorawlardı o`z basında uslap tura almaydı, ha`m kishi klass-larda balalar tek en` keyingi sorawg`a g`ana juwap beriwge a`detlengen.

Sabaq waqtın’da o`z betın’she islew.

Sheber pedagogıoqıwshılardı ba`rqulla bilimdi o`z betın’she o`zlestirip alıwdı sistemalı tu`rde u`yretip barg`anlıg`ı sebepli, olar jas mug`allimlerge qarag`anda az energiya jumsaw menen o`zi go`zlegen na`tiyjelerge erisedi.

Ol mınaday qa`delerdi basshılıqqa aladı: egerde berilgen tema oqıwshılar ushın an`sat bolsa, onda onı o`z betın’she islewge tapsıradı, egerde qıyın bolsa, pedagogıtemanı o`zi tu`sindirip beredi. Sabaq waqtın’dag`ı o`z betın’she jumıstın’` ko`plegen tu`rlerin mug`allimler oqıwshılardın` jan`a bilimlerdi jaqsı o`zlestirip alıwg`a tayarlaw maqsetın’de qollanadı. Bul birinshgi gezek-te jumıslar qaytalaw ha’rakterinde boladı. Sonin’` ishinde burıng`a o`tilgen temalardan shınıg`ıwlar ha`m tapsırmalar.

Mug`allimnin’` tapsırması boyınsha oqıwlıq kitapta`n qa`legen bir tekstti oqıw, grafikalıq jumıslar sxema ha`m tablitsalar du`ziw. Sabaq pro-tsessinde ha`m de a`meliy sabaqlarda oqıwshılardın` o`z betinshe islewi olar-dın` jan`a bilimlerdi man`ızlı o`zlestiriwinde ja`rdem beredi. Ha`r qanday jag`dayda da oqıwshılardın` o`z betinshe islewin oqıw protsessinde engiziw ha`r qashan mug`allimnin’` basshılg`ı astın’da iske asadı.

Ta`jiriybeli mug`allimler oqıwshılardı kitap penen islesiwge, kons-pekti islew texnikasına, do`retiwshilik jumısların orınlaw metodikasın sho`lkemlestiriwge u`yretiw za`ru`r dep esaplaydı.

Ta`jiriybeli pedagog sabaqta jumıs islep atırg`an shaqqan oqıwshını irkpeydi, a`ste isleytug`ın oqıwshını asıqtırmaydı. Sorawg`a durıs juwap bergen oqıwshıg`a gezektegi sorawdı beredi, al qa`te juwap bergen oqıwshıg`a qosımsha tapsırmalar beredi.

Jas pedagogıo`z betın’she jumıstı sho`lkemlestiriwde o`zine og`ada az juwapkershilikti aladı.

Oqıwshılar sog`an u`yrengen boladı, bunda pedagogıha`mmesin o`zi tu`sindiredi, en` kerekli degen jerlerin ayırıp ko`rsetedi, dıqqatta nege awdarıw kerek ekenligin beliglep beredi h.t.b.

Bunday jag`dayda oqıwshılar ko`binese o`z betın’she islewdin` ne ekenligin tu`sinbeydi.

Ja`ne de sheber mug`allimler oqıwshılarg`a u`y tapsırmasın olar ushın qızıqlı etip beriwge ha`reket jasaydı. Usı maqset penen u`y tapsırmasın awızsha ha`m jazba, qosımsha a`debiyatlar menen a`meliy jumıslardı orınlaw, o`z

qa`lewi boyınsha tapsırmalar, ma`jbu`riy ha`m qa`lewi boyınsha jeke yamasa toparlasıp orınlawı ushın tapsırmalar beredi.

Oqıwshılardın` u`y tapsırmasın jaqsı orınlawı ushın pedagogısabaq waqtın’da u`lken tayarlıq jumısların alıp barıwı tiyis.

Sonlıqta`n da ta`jiriybeli mug`allimler ha`r bir sabaqta taza materialdı tolıq, anıq jetkeriw ushın ko`p waqıt bo`ledi. Sebebi egerde taza tema jaqsı tu`sindirilse, oqıwshılar onı tolıq o`zlestirse endigi sabaqta u`yge tap-sırmasın tekseriwge az waqıt ketedi.

Sheber mug`allimler sabaq barısında oqıwshılardı u`yge tapsırmanı orınlawg`a sistemalı tu`rde tayarlap baradı. Tapsırmanı tu`sindirgen olar tiykarg`ı dıqqattı tapsırmanın` anıqlılıg`ına bir ma`nililigine ha`m tu`si-nikliligine awdarıwı, haqıyqatın’da da ha`mme oqıwshı derlik tapsırmanı tu`sindime ha`m anıq bildime, mine usıg`an u`lken itibar beredi. Egerde u`yge berilgen tapsırmanın` qalay orınlag`anlıg`ı pedagogıta`repinen ku`nde tekserilip barılsa, bul oqıwshılardın` qunıg`ıp sabaq tayarlawına tiykar boladı, balalardı jedellestiredi, al egerde u`yge berilgen tapsırma tekse-rilmese balalardag`ı oqıwg`a degen qızg`ıwshılıq to`menleydi.

`U`yge tapsırma berdin` be-tekser, teksermesen` berme` - usı qa`deni ha`r bir pedagogıbasshılıqqa alıwı tiyis.

Mug`allimnin’` pedagogikalıq miynetın’in’` ma`deniyatı

Joqarı da atap o`tkenimizdey. Pedagogikalıq sheberlikti iyelewi ushın pedagogıtek o`zi oqıtatug`ın pa`ndi jaqsı bilip qoymasta`n, siyasiy tarawda, ilimde,

iskusstvoda, texnika ha`m sport tarawlarında adamlardı ko`binese neler tın’ıshsızlandıratug`ınlıg`ı menen de qızıg`ıwı kerek.

Sabaq oqıw ta`rbiya protsessi sıyaqlı barlıq waqıtta siyasiy bag`darla-nıwshılıqtı o`z ishine aladı. Sabaq bul ha`m kafedra ha`m tribuna ulıwma sabaq bul mug`allimnin’` du`n`yag`a o`zinin’` ha`m balalarına qatnasın anıqlawshı ko`z-qarası pozitsiyası.

Sabaq waqtın’da qalayınsha jaqsı psixologiyalıq rejimdi saqlawg`a boladı. Birinshi gezekte balanin’` dıqqatın’a kesent etetug`ın, onı alan` qı-latug`ın, klass jag`dayında, dosları arasındag`ı ha`m o`zinin’` jeke jumısında balanı ta`shiwishke salatug`ın barlıq jag`daylardı saplastırıw kerek.

Orta ha`m joqarı klasslarda sabaq o`tetug`ın jas pedagogıha`mme waqıt sabaq waqtın’da balanin’` ne menen shug`ıllanıp otırg`anlıg`ın, qalg`an oqıw-shılar bar ma, joq pa ekenligin na`zerden shette qaldırmaw kerek. Hesh qanday gu`mansız bunday jag`daylar tilshilerde, geograflarda da, tariyxshılarda da ushırasadı. Ne sebep. Sebebi mug`allimlerde de oqıwshılarg`a ta`sir etiw uqıplılıg`ı, sheberligi tolıq jetilispegen. Sonin’` ushında pedagogıar-nawlı psixologiyalıq bilimge ha`m a`meliy ko`nligiwge, shınıg`ıwg`a iye bo-lıwı kerek.

Ha`r tu`rli sabaqlardı islengen a`piwayı sonı ko`rsetedi, 45 minutlıq sa-baqta pedagog o`zinin’` ta`rbiyalanıwshılarına ortasha 100 tu`rli talap qoyadı. Bul azba yamasa ko`p pe. Bul sorawg`a juwap beriw ushın A.S.Makarenkonın` aytqanın eske tu`siremiz: -Egerde kimde kim mennen menin’` pedagogkialıq ta`jiriybemdi tup man`ızın, mazmunın qısqasha formula menen qalayınsha anıqlap bere alatug`ınlıg`ımdı sorasa, men adamg`a mu`mkinshiligi bolg`anin’sha ko`p talap qoyıw ha`m mu`mkinshiligi bolg`anin’sha og`an hu`rmet ko`p talap qoyg`anlıg`ında emes, al qalayınsha qoyg`anlıg`ında.

Qalayınsha talap etip u`yreniw kerek.

Bul metodtı o`zlestirip pedagoglar ha`mmesinen burın balag`a jeke ta`sir etiwdi, sabaq barısında olarg`a urısıp yamasa maqtap xoshametlep, ayırım eskertiwler qılıwdı, juwmag`ın shıg`arıwdı u`rdis etedi. Olar kimge, qa-layınsha

ha`m qanday qanday talap qoyıw kerekligin jaqsı biledi, al oqıw-shılar bolsa talaptı bilip bir qa`degen u`yrenedi.

En` pedagogtın'` qoyatug`ın talabı anıq, jen`il (balanın` shaması keletug`ınday) ha`m aqırına jetkeretug`ınday bolıwı sha`rt.

Cabaq protsessinde oqıwshı tek oqıg`an pa`nin' ha`r qorshag`an du`n`ya ha`diy-selerin bilip g`ana qoymasta`n, onda olarg`a degen belgili bir ko`z-qaras payda boladı. Ayırım waqıyalar onı oylandırsa, basqaları ol ushın ba`ri bir, nemquraylılıq penen qaraydı, bir na`rseler og`an unasa, birewleri menen qızıqpaydı, ayırım mug`allimlerdi unatsa, birewlerin jaman ko`redi.

Psixologlardın` ko`rsetiwinshe jaqsı emotsiya, ta`sir etiwler adam xızmetın' ruwxlandırıwshı ha`m ku`shli pa`t beriwshiler bolıp tabıladı.

Sabaq waqtın'da bunday emotsiyalıq aqılıy jag`daydı payda etiw ha`r tu`rli jollar menen a`melge asırıladı. Birinshiden: u`yrenilip atırg`an ha`m qosımsha materiallardan paydalanıw. Mısalı, tariyx sabg`ında pedagogımınanday mısal keltiredi: planetamızdın` pu`tkil tariyxında 14513 u`lken ha`m kishi urıslar bolg`an. Onda 3 mlrd. 640 mln. Adam nabıt bolg`an. Egerde usı urıslardın` bahasın altın'g`a aylandırıp esaplasaq, onda qalın`lıg`ı 8 metr ha`m eni 10 km. altın' lenta ekvator arqalı jer sharın aylandırıp orawg`a boladı.

Ekinshiden: sabaqqa anaw yamasa mınaw jan`alıqlar tuwralı mag`lıwmat-lar, qızıqlı waqıyalar kirgiziw ja`rdemi menen, belgili oqımıslılardın` o`miri ha`m xızmeti haqqında mag`lıwmatlar, tvorchestvolıq izleniwge ruwxlang`an, adam aqılının` ha`wesligi haqqında gu`rrin`ler aytıw.

U`shinshiden: sabaqtın'` mazmunlı bolıwı ushın, oqıwshılardı, olar ushın qızıqlı bolg`an do`retiwshilik jumısqa tartıw kerek. Bunday jumısqa balalardı qunıqtırıw tu`rli situatsiyalardın` ha`r tu`rli tiplerin qollanıw menen baylanıslı boladı. Problemalıq situatsiya (mashqalalı jag`day) burın belgili da`rejede ta`nıs bolg`an bir na`rseni taza, jan`a ta`repin, geyde ku`tilmegen ta`repin qaraydı. Balalardag`ı usı ku`tilmegenlik, usı tabıslı bolıwı ushın ju`da` paydalı.

Mısalı: besinshi klass oqıwshıları geografiya sabag`ında -Tronosferada hawanin'` qızıwı- degen temanı u`yrengende olar jerdin` ku`nnen ıssılıq

alatug`ınlıg`ın eske tu`siredi. Ku`nge qansha jaqın bolsa, sonsha jıllı bo-lıwı kerek. Biraq ta pedagogıjerge qarag`anda joqarı atmosferada hawa sal-qınıraq bolatug`ınlıg`ın balalarg`a eskertedi. Bunday faktler da`slebinde oqıwshılar ushın tu`siniksizlew boladı. Pedagogıtaxtag`a -tobesine qar u`yilgen su`wrettin` qıstırıp, balalardan soraydı: -Ne ushın jazda biyik tawlardın` to`besinde qarlar jatadı, tawdın` to`besi ku`nge jaqın g`oy. Oqıw-shılar oylanıp o`z pikirlerin ayta baslaydı. Ku`n nurları jerge tu`siwi me-nen onin’` betın’ qızdıradı ha`m onnan atmosfera hawası qızadı. Jerge qansha jaqın bolsa, sonsha jıllı boladı ha`m kerisinshe.Oqıwshılardı jaqsı emotsiyalar menen oqıtıwdın` 4 bag`darı bul mug`allimnin’` oqıw materiallarına emotsional (qızıg`ıw, su`ysiniw, jaqsı) qatnasta bolıwı menen baylanıslı boladı. Baslawısh mug`allimler mınanı este tutıw kerek: mug`allimnin’` uqıplı-lıq penen sabaqtı sulıw, obrazlı etip, bar intası menen tu`sindiriwi oqıw-shılarg`a ku`shli ta`sir etedi, olardı hayran etedi, o`zine tartadı.

Sabaqtın’` tempi (tezligi, pa`ti).

Sabaqtın’` tempi pedagogıushın tek xızmet ma`deniyatı mashqalası emes, al sabaqtın’` sapası, ta`rtip mashmqalası. oqıw xızmetın’in’` tempi (pa`ti) joqarı bolıwı kerek, biraq oqıwshılardın` jeterliktey da`rejede, sonlıqta`n da oqıw jumısının` joqarı pa`tın’ qollap quwatlaw ushın sheber mug`allimler oqıwshılarda a`meliy shınıg`ıw ha`m ko`nligiwlerdi ta`rbiyalaydı. Kem ta`jiriybeli mug`allimler waqıtta`n tolıq paydalana almay qalıwdan qorqıp, oqıwshılardın` mu`mkinshiliklerin ha`m olardın` materialdı o`zlestiriw sapa-sın esapqa almasta`n sabaqtın’` tempin ku`sheytiwge ha`reket jasaydı.Bunday sabaq ritmin buzıw oqıwshılardın` kewil xoshlıg`ına (normal`noe rabochee nostroenie) keri ta`sir jasaydı ha`m jalıqtırıp jiberedi.

Jaqsı jumıs tempin anıqlaw ushın to`mendegilerdi aytıwg`a boladı: ha`mmeni qanaatlandıratug`ın «ortasha» sabaq tempin tabıw, oqıwshılardın` jeke jumıs formalarınin’` baylanısın izlestiriw, oqıwshılardın` jumıs tu`rin o`zgertiw ha`m tu`rli formaların oylap tabıw, waqıttı mazmunsız sarplawdı qısqartıw. Sabaqta jumıs tempin a`ste aqırınlıq penen ku`sheytiw kerek. Sabaqtın’` tempi haqqında ma`sele pedagogıta`repinen tek jumıs protsessinde g`ana sheshiledi.

Sabaqta o`zin-o`zi tekseriw.

O`zin-o`zi tekseriw jas mug`allimnin’` pedagogikalıq uqıplılıg`ın rawajlanıwın tezletedi, ta`jiriybeli mug`allimlerdin` pedagogikalıq sheberligin o`zlestirip alıwına ja`rdem etedi. O`zin-o`zi analizlewi menen pedagogısa-baqta o`zin-o`zi basqarıwdın` ha`m o`zin-o`zi jetilistiriwdin` qarıwlı quralına iye boladı, tabıslı jumıstın’` usılların an`g`aradı, bul o`z gezeginde jumısta`n qanaatlanıwdı payda etedi, mug`allimnin’` ruwxıy ku`shin tolıqtıradı.

Sabaqtı analizlewdin` to`mendegishe ulıwmalasqan printsipleri bas-shılıqqa alıwg`a boladı.

Sabaqta isleymen dep uyg`arg`an na`rsen` menen haqıyqıy orınlag`an na`r-seni salıstırıw;

Shamalag`an na`rsenin’` na`tiyjesi menen salıstırıp oqıwshılardın` alg`a ilgerlew da`rejesin anıqlaw (bilimde, ko`nligiwde, rawajlanıwda). Sabaqta oqıwshılar qızıg`ıwshlııq penen jumıs isleyme-sonı esapqa alıw.

Sabaqtın’` sapalı ta`repi.

Sabaqta berilgen tapsırmanın` orınlanıwın bahalawda oqıwshılar ta`re-pinen bilim, uqıplılıq ha`m ko`nligiwlerdin` qanday da`rejede o`zlestir-genligi ma`lim boladı.

Sabaqtın’` sapalı ta`repin anıqlaw bul pedagogıushın sheberlik mek-tebi, sabaqtı sho`lkemlestiriwde anag`urlım man`ızlı usıllar ha`m metodlardı an`lı qollanıw sharayatı bolıp tabıladı. Ol sabaqta nenin’` sa`tli bolg`anin’ ha`m nenin’` sa`tsiz bolg`anlıg`ın, bul sa`tsizliktin` qalay kelip shıqqanlıg`ın ha`m onı qalay saplastırıw kerek ekenligin ko`re aladı, ped.sheberlikti jokarılatıw ushın neni rawajlandırıw ha`m bekkemlew kerek ekenligin bile aladı. Sabaqtın’` sapasın to`mendegi sxema menen an`latıwg`a boladı: tapsırmanı soraw-tu`sindiriw-bekkemlew-u`yge tapsırma beriw.

Solay etip, mug`allimnin’` tayarlanıwdag`ı ha`m sabaqtı o`tiwdegi sheber-ligi bul quramalı jumıs, biraq sonı iyelew ha`r bir oylanıp isleytug`ın pedagogıushın za`ru`r.

## II.4 Oqıtıwshı xızmetın’de qatnas ma`deniyatı  ha`m psixologiyası.

Qarım qatnas-bul Pedagogikalıq xızmetın’in’` en` tiykarg`ı Ka`siplik quralı Pedagogikalıq qarım-qatnas bul mug`alimnin’` oqıwshılar menen sabaqta`n tısqarı waqıtları qollaylı psixalogiyalıq jag`dayda payda ettiwge arnalg`an Ka`siplik qarım-qatnası bolıp tabıladı.

Alımlardın ko`rsetiwinshe oqıwshı ha`m oqıtıwshı arasındag`ı qatnas bir-bireudi xurmet etiwi ha`m talabshanlıqqa tiykarlanıwı kerek. Qatnasta pedagogikalıq sheberlik Oqıwshılardın minez-kulkına tasir etiu menen birge onı oylanıwg`a, pikir ju`rgiziuge iytermeleydi. Pedagogikalıq qatnas haqqında ayta kelip so`z benen tarbiyalaw ta`sir etıw ha’r bir pedagogıushın zaru`r. Sonlıkta`n da ha’r bir so`z, mektepte aytılg`an ha’r bir pikir akıllılık penen aldın ala oylanılg`an belgili bir maksetke karatıg`an, Oqıwshılarg`a ruuxıy tasir etetug`ın bolsın. Pedagogtın’ so`zi oqıwshını ha`mme uakıt tın’ıshlandıratug`ın, oylandıratug`ın bolıwın usınıs etti.

Pedagogikalıq qatnas sotsiallık-psixikalık protsess bolıp ol mına xızmetlerdi atkaradı, jeke adamnın ukıplılıg`ın arttıradı, jana xabarlar menen ta`nıstıradı, o`zine isenimlikti ha`m basqalardın psixologiyasın biliwge jardem beredi.

Oqıwshı menen mug`allimnin’ karım qatnasının natiyjeli bolıwı ko`p jag`dayda mug`alliminin’ qa`biletine ha`m Pedagogikalıq adebine baylanıslı.

Pedagogikalıq qa`biletlilikten xazil juuaplık sın ko`z benen karau (sınau) diluarlık asirese pedagogta artistlik belgilerdin bolıwı mug`allimnin’ Oqıwshılar menen karım-qatnas jasawına jag`day jasaydı. Geyde Oqıwshılardın sırın esitsede bilsede bilmegenge saliw kerek.  Qatnas jasawdın eki tarepin ayırıp ko`rsetıwge boladı. qarım qatnas ha`m o`z-ara baylanıs jasaw bul aysbergtın’ suudın astın’dag`ı ha`m suudın Ustın’degi bo`leklerindey, ko`rinetug`ın tarepi so`z benen ha`m so`zsiz tasir etiuleri bolsa, al ishki ko`rinbeytug`ın tarepi bul zarurlik motivlik, kızıg`ıushılık adamdı karım qatnas jasawg`a iytermeleytug`ın sezimler bolıp tabıladı.

Tajiriybeleri ko`rsetkenin’dey, egerde pedagogıbalalarg`a turaklı, jaksı karım qatnasta bolsak, oqıw jumısında ha`m olardın tartibindegi kemshiliklerine talapshanlık penen karasa olar menen so`yleskendey sabırlık, mulayım xalda, kishi peyil bolsa, Oqıwshılar erkin, o`zinin’ pikirin ashık aydın aytatug`ın, isengish boladı. Balalarg`a jaman qatnasta boliw (G`Sizlerdin klassınızdan biyzar boldımG`,G`ha`mmemiz akıllı bolıp alg`ansız, birak kolınızdan qatesiz jazıu kelmeydiG`, x.t.b.) pedagogıpozitsiyasının’ turaklılıg`ı isenimsizlikti, tuyıklıktı, eki ju`zlikke, jag`ımpazlıkka, klass maskarapazının rolin atkarıushıg`a alıp keledi. Bunın ba`ri barlık oqıw-ta`rbiya protsessinin’ barısına tasirin tiygizedi. Tarbiyada xesh uakıtta mınanı umıtpau kerek. Oqıwshılardın pikiri mug`allimnin’ jeke basının du`zilisinen ajıralmas boladı. Mısalı: G`Su`yikli mug`allimnin’ aytkanları, olardın jaman ko`retug`ın adamlarının aytkanlarınan pu`tkilley basqasha boladı. En’ jaksı pikirlerde onin’ jaman ko`retug`ın adamları ta`repinen aytılsa jerkenishli bolıp tu`yiledi.)

Ilimpazlar mug`allimnin’ klass ja`miyetine qatnasının q-tiykarg`ı stillerin ko`rsetedi turaklı-unamlı, passiv-unamlı, turaksız. Birak sonday mug`allimlerde ushrasadı, balalarg`a qatnasta tek unamsız stilde situatsiyalık-unamsız, turaklı unamsız ha’reketleri menen ko`rinedi.

Pedagogıha`m oqıwshı arasındag`ı qatnas stilleri haqqında ayta kelip ha`m G`unamsızG` ha`m G`turaksızG`, bul bolsa ha`m mektepke karsı ha`m jamiyetke karsı islep atır degendi bildiredi.

Pedagogımenen oqıwshı arasında bolatug`ın karım-qatnastı to`mendegi stillerge bo`liwge boladıU`

Avtoritorlık stil`.

Demokratiyalık stil`.

Liberallık stil`.

**Avtoritorlık stil`**-bul karım-qatnastın’ tiykarg`ı formaları- buyrık beriw, ko`rsetpe ha`m eskertıw beriwler.

**Demokratiyalık stil`**- bul karım-qatnastın’ tiykargı formaları-buyrık etıw, kenes beriw, xabarlandıriw. Bul balalar menen qatnasta en jaksı kural bolıp tabıladı.

**Liberallık stil`**-bul pedagogıo`z ja`maatın’in’ turmısı menen kızıkpaydı, o`zin bir shette uslaydı, ha’r qanday maselege o`zinin’ karsı pikiri menen qatnasadı (keri tartadı, o`jetlilik).

Bunday mug`allimnin’ abırayı artpaydı. ha’r kashan mektep basshıları ha`m mug`allimleri menen jumıstın’ kıyınshılıg`ı haqqında gap etkende, olar albette Ka`siplesleri, Oqıwshılar, ata-analar menen baylanıs jasaw mashkalasın atap o`tedi. Keyingi uakıtları mekteplerge tek pan kaniygeleri kelip atır, al usı Ka`siptın’ tu`p manızın tu`sinbeushi mug`allimler emes. Olar o`z panin’ jaksı biledi, onın okıtıw metodikası menen kızıksınadı, onı jetilistiredi, sabaktı jaksı o`tiwi mu`mkin, al Oqıwshılar menen baylanıs jasay almaydı, olarg`a kıynalg`an uakıtta jardem bergisi kelmeydi ha`m bunı shart emes dep esaplaydı. Balalar bunday mu¬allimler menen jaksı baylanıs jasamaydı.

Keyingi jılları mug`allimler menen Oqıwshılar, sonday-ak u`lkenler menen balalar arasındag`ı karım-qatnas kuramalasıp baratır. Bunday kıyınshılıklardın bolıwı jamiyetimizdegi bolıp atırg`an ha’r kıylı o`zgerislerdin tasiri astın’da jamiyetshiliktin o`zgeriwi sebepli. Natiyjede u`lkenlerdin tajiribesi jana auladlar ushın o`zinin’ aktuallıg`ın jog`altıp barmakta.

Bunin’ ushın u`lkenler o`zinin’ o`zgertıwge qa`biletli bolsa, o`zlerinin’ burıng`ı kaliplesken tajiribelerine su`yene bermese deymiz.

Xazirgi uakıtları mekteplerde balalardın sana sezimi, oy-o`risi, kızıg`ıushılıg`ı, intasi burıng`ı balalarg`a karag`anda ko`p o`zgerip ketti. Bunin' baslı sebebi keyingi uakıtları elimizde jo`z berip atırg`an ha'r kıylı janalıklar, ekonomikalık ha`m sotsiallık, texnikalık rauajlanıwlar bolıp tabıladı.

Bul albette balalardın psixologiyasına tasir etedi. Ko`pshilik Oqıwshılar mektepte ayırım bosalan, jas mug`allimlerdin talabına boysın¬ısı kelmeydi, gey uakıtları olardın u`stilerinen ku`lip maskara kılg`ısı kelgen uakıtları da ushırasadı.

Mekteplerde en bir baslı mashkalalı maselelerdin biri-bul mug`allimde Oqıwshılardın jeke o`zgesheligine kızıg`ıushılıg`ının jag`ında, olardın ishki dun`yasın bilgisi kelmey ha`m bile almaushılı¬ında bolıp, usınan pedagog penen oqıwshı, shanarak penen mektep arasında ha'r kıylı, kelispeushilikler kelip shıg`adı.

Pedagogıha`mme uakıt rauajlanıp, o`sip baratırg`an balalar menen is alıp baradı. Sonın ushın pedagogıha'r bir balanın jeke o`zgesheligi menen jakınnan ta`nıs bolıwı tiyis.

O`spirimler egerde mug`allimler olardın ata-analarının kılıkların gu`nakarlasa, olardı ayıplasa, ju`da` teren kaytaradı, arlanadı, ashıulanadı. Bul albette ha'r bir adamda bolatug`ın o`z jakınına degen ishki sezim bolıp tabıladı. Bul jasta o`z jakınına degen ishki sezim bolıp tabıladı. Bul jasta o`z jakınına degen juuapgershilik ha`m olardı ha'r kıylı ayıplıulardan korg`au tilegi kaliplesedi. Olar mug`allimlerden kollap kuuatlawdı ha`m jardemdi ku`tedi, al gu`nalawdı emes.

Qarama-karsı jag`daylarda pedagogıbarlık oqıwshalar aldında o`zinin' abroyın joytadı, al onın Pedagogikalıq tasir etiwi olarda karama-kasılıktı payda etedi.

Pedagogıbalalar menen qatnas jasag`anda olardın sol uakıttag`ı ulıuma jag`dayında esapka alıudı umıtıw kerek. Sharshau ulıuma fizikalık jag`daydı, oqıwdan sharshag`anlıkları bulardın barlıg`ı Oqıwshılardın psixikasına tasir etedi.

Mu¬allim menen oqıwshı arasındag`ı o`z-ara kelisiulerdi ornatıwshı-bul mug`allimnin' kommuniqativlik xızmeti bolıp tabıladı, yag`nıy mug`allimnin' ha'r

tu`rli Pedagogikalıq qatnas tu`rleri qollanıwı arkalı Oqıwshılardın minez-kulkın ha`m xızmetin  sho`lkemlestiriwi bolıp esaplanadı.

Tarbiya-bul kommuniqativli protsess, yag`nıy bul protsesstın’ tiykarı qatnas bolıp tabıladı, qatnas jasaw arkalı pedagogıOqıwshılardın minez-kulkın ha`m xızmetin sho`lkemlestiredi, olardın jumısın ha`m kılık kıliwaların baxalaydı, bolg`an uakıyalar haqqında xabarlandıradı, kıyınshılıklardı jeniuge jardemlesedi, o`zlerinin’ mUmkinshiliklerine isenimdi joyıtpaug`a u`yretedi.

**Mug`allimnin’ Oqıwshılar menen qatnas formaları.**

Oqıwshılarg`a talap koyarda pedagogıqatnas jasawdın tu`rli kurallarınan paydalanıp biliwi kerek. Bug`an to`mendegiler kiredi.

**Jeke isendiriwshi qatnas:** G`Men isenemen, sen bunı men ushın isleysen, sebebi bul sag`an dım kayın emesG`N` G`Sen mag`an jardemlese alasanba, men sag`an minnetdar bolar edim, eger de menin’ o`tın’ishimdi orınlasanG` x.t.b. a`sirese bunday formadag`ı so`ylesiuler o`spirimler ha`m jokarı klass Oqıwshıları menen qatnas jasag`anda jaksı boladı, sebebi olarda bul uakıtta u`lkenler menen qatar birge tendey jumıs

islesiu tilegi payda boladı, al usınday qatnas jasawda olardın u`lken ekenligi seziledi, sebebi olardan ja`rdem soralıp atır.

Emotsionallık-jeke qatnas: «Balalar, bu`gingi ku`n mag`an ju`da` auır boldı, ha`m sizlerde altın’shı sabakta sharshag`an shıg`arsızlar kanekey bir-birimizdi kollap-kuuatlayık», yamasa «Men bilemen sizlerge en kıyın sabaklar boldı, matematikadan tekseriw jumısın jazdınız, kıynalıp kalmadınız ba? Onda usı sabakta kızıklı zatlar menen shug`ıllanamız, sizlerden tapsırmanı sorayman» x.t.b. usı sıyaklı qatnaslar. Usınday qatnas jasaw jolı menen bir-birin jaksı tu`sinisiu, sıylaw, xu`rmetlew ha’rakterleri payda boladı, al Oqıwshılar bolsa basqa adamlarg`a ha’r tu`rli qatnas jasaw formaların bilip aladı.

Pedagogıata-analar menen birlikte islesip balag`a, onın is-ha’reketın’e, oqıwdag`ı jetiskenlikleri ha`m kemshiliklerine itibarlı baxa berip otıradı. Okıtıwshının’ ata-analar menen o`z-ara tu`sinisiu ko`binshe onın balalarına jag`ımlı ha`m anık baxa beriwinen, onın tuura jol tutıwı sebepli erisiwi mu`mkin.

ha`mme uakıt balanin’ minez-kulkına emes onın anık is-ha’reketine baxa beriw kerek. Shartili rauishte ata-analar menen birgelikte tosatta`n bolg`an uakıyalardan shıg`ıudın jolların, onı du`zetiu usılların tabıu kerek. Ekinshiden pedagogıbalag`a minezleme beriw arkalı erikli ha`m eriksiz rauishte ata-anag`a baxa beredi. Pedagogikalıq tarepten tuurı qatnas ornatıw ushın pedagogımenen ata-ana tarbiyanın maqseti ha`m wazıypasın anık tu`sinıw kerek.

Maselen, Ata-analar ma`jilisinde oqıwshının’ atası yamasa anası menen kıska sa`ubet uaktın’da mug`allinin’ balag`a narazılıg`ı, onın jımsız is-xa`reketlerin aytkanlarının’ guası bolamız.

Mug`allimnin’ bul ha’reketi tu`sinikli, onın uaktı az bolg`anlıkta`n ata-analardın dıkqat itibarın tarbiya jumıslarının en auır tareplerine tartpakshı boladı. Al ata-analar bolsa bunday ushırısıug`a, majilislerge narazı, demek ata-analar pedagogımenin’ balamnin’ jaksı tareplerin, shakkanlıg`ın, mexribanlıg`ın ne bilmeydi eken-dep oylaydı.

Sol sebepli pedagogımenen ata-analar arasında jaksı karım-qatnas bolmaydı, demek mug`allimge isenimsizlik penen karaydı. Pedagogıata-analarg`a balalarının’ jaksı ta`replerin ko`birek aytıwı kerek. Sonda mug`allimnin’ ata-analar menen jaksı karım-qatnasta bolıwına, ta`rbiyalık jumıslardı birgelikte alıp barıwına imkaniyat tuudıradı. Okıtıwshının ata-analar menen qat-nası -degenimiz balag`a ta`biyalık ta`sir ko`rsetıwdin anık bir prin-tsiplerne tiykarlang`an is usılları menen kurallarının bekkem du`zilisi. Pedagogıha`m ata-analar oqıwshıg`a optimistlik isenim menen karau kerek. Balanın o`z ku`shine, isenimine jardem beriw pedagogımenen ata-analardın wazıypası.

## Juwmaqlaw

Joqarıda aytılg'anlarg'a juwmaq jasag'an h'alda, to'mendegilerdi usınıs etip o'tmek boladı: Oqıwshılar menen qatnasta oqitiwshi mına tu`sinikke tiykarlanıwı kerek, mektep bizin mamleketimizdin bir bo`legi, al pedagog balalarg`a qatnası ja'miyetlik talaplardın' ko`rinisi.

O`zinin' ja`miyettın' isenimli adamı sıpatın'da sezine otırıp ha`m onın printsplerine su`yene otırıp, pedagog o`zinin' peda-gogikalık pozitsiyasın ashıq ko`rsetiuge bolmaydı. Balalar ushın mug`allimnin' so`zi ha`m isi onin' o`zinin' isenimi sıpatın'da qabıl etiliwi kerek, al tek o`z minnetın' orınlawshı bolıp emes. Pedagogtın' haq-keuilliligi onın ta'rbiyalanıwshılar menen baylanıs jasawının bekkem girewi.

1. Oqıwshılar menen tabıslı ornatıw ushın ba`rinen de burın o`zinin' jeke basın ka`dirlep biliw kerek. O`zin anlaw, o`zin basqarıw ha'r bir mug`allimnin' turaklı g`amxorı bolıwı kerek. O`zinin' emotsionallık jag`dayın basqara biliw en tiykarg`ı dıqqattı talap etediN` tarbiya protsessine ashıulang`an ton menen so`ylew, kolaysız, jaman emotsiyanı iyelew, bakırıu zıyanin' tiygizedi. ha`mme uakıt pedagog konfliktli jag`dayg`a o`zi ta`repinen qanday kosımsha kosılg`anlıg`ı haqqında o`zine esap berip barıwı kerek.

Pedagogımenen oqıwshı arasındag`ı Pedagogikalıq maksetke muuapık karım-qatnas o`z-ara sıylasıktın' tiykarında, oqıwshının jeke ar-namısı ha`m pedagogtın' o`z ka`dir kımbatın' o`z ornin'a koyıp tu`singende g`ana kurıladı. Ha'r bir oqıwshının jeke basın xu`rmetlew kerek, ha'r birin tu`siniu kerek, onda o`z jora

joldasları arasında degen isenimdi payda etip, onin’ jaksı tareplerinin’ rauajlanıwın kollap-kuuatlaw kerek.

2.Pedagog ja`nede o`zinin’ unamlı tareplerin ko`rsete biliw kerekN` balalarg`a o`zinin’ jeke basının ku`shin, kızıg`ıwın ukıplılıg`ın, akılının’ kenligin, ko`kiregin kormeui, shırrıymauı, o`zinin’ ka`dir-kımbatın’ ar-namısın ko`rsete alıwı.

Pedagog penen oqıwshı arasında bolatug`ın qarım-qatnasqa ha’rakterli bolg`an element bul belgisizlik anık emeslik, ol oqıwshının’ psixikalık jag`dayı ha`m minez-kulık mativlerine tiyisli mag`lıumatlardın jetispeushiligi menen baylanıslı boladı. Son-ın ushın da pedagogıo`zinin’ baslawshılıg`ın, Pedagogikalıq kıyalın, emotsional jag`daydı tu`sine biliwdin minez-kulkın durıs tu`siniwin rauajlandıriw kerek.

3. Mug`allimnin’ Oqıwshılar menen sabaktag`ı ha`m onnan tıskarısındag`ı qatnas sheberliginin’ tiykarg`ı ko`rsetkishi bul mug`allimnin’ so`ylew xızmetin kıskartıw arkalı Oqıwshılardın so`yley xızmetin asırıu natiyjesin payda bermeytug`ın tın’ıshlıktı kıskartıp, karım-qatnas jasawdı ku`sheytiu kerek.

Balalardın azg`antay, onsha ko`zge ilinbeytug`ın tabısı ushında maktawın beriw kerek. Maqtaudı kollektivtın’ aldında bergen jaqsı, nal urısatug`ın bolsan jeke o`zin alıp urısqan jo`n. Mug`allimnin’ so`zi bunın menen a`zzi bolmaqı kerek. Al egerde sizin’ daqısınız jetpese, ım, silteq, mimika, ko`z-qarasınız ja’rdem beredi.

## Paydalang’an a’debiyatlar

1. Karimov İ. A. Barkamol avlod- O’zbekstan taraqqiyotining poydevorı. T. Sharq, 2006 .

2. Karimov İ. A. barkamol avlod orzusi. T. O’zbekston, 2008.

3. O’zbekstonning milliy istiqlol mafkurası. T. O’zbekstan, 2003.

4. O’zbekston Respublikasining «Ta’lim to’g’risida qonuni. / Barkamol avlod- O’zbekston taraqqiyotining poydevori». T. Sharq,

5. Kadrlar tayyorlashmilliy dastu’ri, -Xalq ta’limi,

6. Davlat ta’lim standartlari to’g’risida Nizom.- Ta’lim taraqqiyoti,2008

7. Osnovi pedagogicheskogo masterstva. /Pod redaktsiya Zyazina A.İ. Moskva, Prosveshenie

8. Zagvyazinskiy V. İ. Pedagogicheskoe masterstvo ushiteliya. Moskva, Pedagogika, koiu.

9. Pedagogik izlanishlar. T. Oqituvshi, 1990.

10. Besralko V. P. Slagaemie pedagogicheskoy texnologiy. Moskva, Pedagogika

11. Lvova Yu. M. Tvorcheskaya laboratoriya ushiteliya. Moskva.

12. Natanzon E. Sh. Priyomi pedagogicheskogo vozdeystviya.

13. Pedagogicheskaya deyatelnost kak tvorcheskiy protsess. Moskva,

14. Farberman B. L. İlg’or pedagogik texnologiyalar. T. 1999.

15. Azizxojaev . N. N. Pedagogik texnologiya va pedagogik mah’orat. T. 2003.

16. Ta’lim va texnologiya Toshkent. 2004.